



## Men 3 fason pou ou vote nan Eleksyon Jeneral kap vini an...

### 1. BILTEN VOTE-NAN-LAPÒST



Elektè ki enskri yo kapab aplike pou yon **bilten pou vote-nan-lapòst** lè yo swiv enskritasyon yo kapab jwenn yo sou sit **VOTE.NJ.GOV** oubyen lè yo kontakte Grefye Konte yo an.

Lè fini, VOTE epi RETOURNEN bilten ou nan youn nan fason sa yo...

- **Nan Lapòst:** Bilten pou vote-nan-lapòst ou an **DWE** genyen kachè ki make pou pi ta **8:00 p.m. nan dat 8 novanm** epi se pou Konsèy Eleksyon konte ou an resevwa li pou pi ta nan dat 14 novanm.
- **Bwat Depo Bilten Sekirize:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou an nan youn nan bwat depo bilten sekirize konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 8 novanm. Ou kapab jwenn lokal bwat depo yo nan sit **VOTE.NJ.GOV**.
- **Biwo Konsèy Eleksyon:** Delivre bilten pou vote-nan-lapòst ou an pèsòn nan Biwo Konsèy Eleksyon konte ou an pou pi ta a 8:00 p.m. nan dat 8 novanm. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Eleksyon Konte ou an nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

### 2. VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN



Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri yo depoze bilten yo **an pèsòn, lè yo sèvi avèk yon machin pou vote, pandan yon peryòd nèf jou avan Jou Eleksyon an**. Ou kapab chwazi pou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

Kèlkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten byen presi pa ou nan nenpòt lokal konte **pa ou** an deziyen pou vòt antisipe an pèsòn. Jwenn lokal nan konte ou yo nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

Lokal pou vòt antisipe an-pèsòn yo pral ouvè **samdi 29 oktòb jiska dimanch 6 novanm**. Yo pral ouvè nan lè **lendi pou samdi, 10:00 a.m.-8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m.-6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

### 3. NAN BIWO VÒT OU PANDAN JOU ELEKSYON AN



**Vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, a pati de 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an ki se 8 novanm**. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

Ale sou sit **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn kiyès ki biwo vòt pa ou, ki sou list paj Lokal pou Vote, oubyen ann anglè Polling Locations.

**NÒT: Bilten pou Vote-nan-Lapòst yo PA KAPAB depoze nan lokal vòt antisipe yo ni nan biwo vòt yo.**



Gouvènè Phil Murphy  
Sekretè Deta Tahesha Way

**1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)**  
**Vote.NJ.Gov**